e - Konsèy sou Entènèt pou Paran

M-DCPS Office of Community Engagement | EngageMiamiDade.net | @CommunityEngagement

EDE JÈN OU AN VENK LAPERÈZ EGZAMEN POU ANTRE NAN KOLÈJ

Pran egzamen ACT oubyen SAT pou antre nan kolèj ka lakoz gwo anksyete pou anpil elèv lekòl segondè – e sa, an retou, ka vle di yo pa byen travay nan egzamen yo. Kijan elev lekòl segondè ka venk laperèz egzamen pou antre nan kolèj yo?

Amos Morgan/Getty Images

Yo dwe kòmanse kolekte enfòmasyon. Fè jèn ou an fè yon lis kolèj kote li ta renmen ale. Ansuit, nan itilize resous konseye gidans la bay, bibliyotèk lekòl la oubyen Entènèt la, fè li reponn de (2) kesyon:

- **Ki enpòtans nòt** egzamen pou antre nan kolèj ka genyen sou akseptans mwen nan lekòl sa yo? Nan kèk ka, elèv ki gen yon mwayèn jeneral ki trè wo, yo ka aksepte yo nan kolèj menmsi nòt SAT oubyen ACT yo pi ba.

- **Ki echèl nòt SAT oubyen ACT** elèv bezwen pou yo aksepte yo nan lekòl sa yo? Jèn ou an ap santi mwens presyon si li konnen yon nòt ki pi ba ap toujou pèmèt li antre nan kolèj li vle a.

Jèn ou an ta dwe kontakte biwo gidans la tou pou wè si lekòl la ofri klas pou prepare elèv pou SAT ak ACT. Preparasyon toujou itil pou soulaje anksyete.

Mesaj sa a soti nan

Lekòl Leta Miami-Dade County
http://www.engagemiamidade.net/